

PARAN

PWOTEJE PITIT NOU YO!



Rekòmantasyon Sekirite yo

Aparèy tou Teren yo (ATVs)

Twotinèt ak Motè yo

Ti Oto Jwèt yo

Senti Sekirite yo



Paran yo: Pwoteje Pitit Nou yo fè pati de yon kanpay konsyantizasyon kap fèt aktyèlman ki vize edike paran yo ak timoun yo. Inisyativ sa-a, devlope pa Depatman Polis Miami-Dade la, konsantre sou paran yo ak responsabilite yo anvwè pitit yo espesifikman sou koze machin rekreyasyonèl yo.

Atravè Lèzetazini, move itilizasyon aparèy sa yo ki pa pou wout nòmal yo, bay kòm rezilta plizyè fatalite ak andomajman jèn yo. **Plizyè nan aksidan sa yo fèt nan sèvi ak aparèy sa yo ilegalman sou vwa piblik yo epi twotwa yo.** Paran yo ak gadyen yo fèt pou yo monitè ak sipèvizite de pre aktivite sa yo kote se ti moun minè ki patisipe ladan yo. Nap ofri nou lis enfòmasyon ak done sa yo ki swiv la-a kòm konsèy sou sekirite:

1. Rekòmandasyon Sekirite yo

Minè kap sèvi ak aparèy machin rekreyasyonèl ki pa pou ni wout ni otowout yo dwe fèt sou sipèvizyon granmoun. Laplipa aparèy ki pa ni pou wout ni otowout sa yo pa ekipe ak ni limyè ni koukouy yo. Kidonk, se sèlman lè fè jou solèy byen klere oswa nan yon kote ki byen eklere ak limyè.

Se pou yo mete kas, gan, linèt pwotèj, pwotèj jenou.

Pou pwoteksyon kont blesi ak boule nan solèy, se pou yo mete pantalon long, chemiz manch long, ak bòt ki rive nan chevi yo.

Laplipa aparèy ki pa pou ni pou wout ni pou otowout sa yo te fèt pou yon sèl moun chita ladan yo pou kondwi yo. Chofè kap kondwi an pa fèt pou mete pasaje sou kote yo.

Nap sijere pou plis sekirite, pa monte pou kont nou, ale ak yon zanmi (*the buddy system*) ki va monte nan aparèy pa li.

Asire ke aparèy nou chwazi an apwopriye a laj ak abilite timoun lan.

Apati de 1 jiyè 2008, lè nap woule yon aparèy ki pa pou ni wout ni otowout, yon moun ki poko genyen 16 an daj fèt pou li genyen sou li yon sètifika ki demontre ke li byen pase yon klas sekirite aparèy ki pa pou ni wout ni otowout apwouve pa Leta sa-a oswa yon lòt jiridiksyon. Yon moun ki pa rezidan epi ki poko genyen 16 an daj epi ki nan Eta-a tanporèman pou yon tan ki pap depase 30 jou egzan swiv sib seksyon. F.S. 261.20 lwa sa-a.

A. Aparèy Tou Teren yo (ATVs)

ATVs se de aparèy motorize ki pa ni pou wout ni otowout de 50 pous ou mwens an lajè, ak peze 900 liv ou mwens, fèt pou deplase sou twa wou ou plis ak kawotchou ti presyon, a yon syèj ki fèt pou chofè anjanbe ak gidon pou kondwi li, epitou ki fèt pou yon grenn moun kondwi li, oswa pou yon chofè ak yon pasaje. Se nan *ATVs* ki a 2 plas yo sèlman ki gen dwa pran pasaje. Dekrè Lwa *F.S.316.2074(2); F.S. 261.20(5)(a)*. Si se sou teren piblik yap woule yo, se pou aparèy ki pa ni pou wout ni otowout sa yo genyen yon mòflè silansye. *F.S. 261.20(4)(c)*.

- Dapre lwa *F.S. 316.2123*, sèvi ak yon *ATV*, sou vwa piblik yo oswa wout lari yo nan Eta sa-a entèdi, esepite yon *ATV* gen dwa woule lè fè jou sou

***Klas ak fòmasyon sou *ATV* disponib nan ajans yo tankou sou sit entènèt ki rele *ATV Safety Institute: www.atvsafety.org, 1-(800) 887-2887*, ak fòmasyon sou motosiklèt ki disponib nan sit wèb *National Safety Council: www.nsc.org, 1-(800) 621-7619*.**

yon wout ki pa asfalte kote yo poste yon limit vitès ki mwenske 35 mil alè. Nenpòt jan dapre lwa *F.S. 316.2123*, yo pèmèt sèlman yon chofè ak lisans oswa yon minè anba sipèvizyon yon chofè ak lisans sèvi ak yon *ATV*. Yon fwa ke yon ofisyè fòsdelòd ta mande, se pou moun kap sèvi ak li an prezante prèv ke se li ki pwopriyete aparèy la.

- Okenn moun ki genyen mwenske 16 an daj va gen dwa kondwi, monte, oswa deplase sou yon *ATV* san ke moun sa-a pa mete yon kas pou sekirite ak pwotèj zye ki aseptab dapre estanda etabli pa Depatman Transpòtasyon Lèzetazini [*United States Department of Transportation (U.S. DOT)*] *F.S. 316.2074(3)*.
- Li entèdi sèvi ak yon aparèy ki pa pou ni wout ni otowout sa yo sou teren piblik pandan ke yon moun anba tafya, yon dwòg kontwòl pa Leta oswa okenn medikaman preskri oswa medikaman ki jennen vizyon oswa kondisyon fizik moun lan. Moun kap monte aparèy sa yo sou teren piblik ki genyen mwenske 16 an daj fèt pou mete yon kas, pwotèj zye epi bòt ki rive nan chevi. *F.S. 261.20(5)*.
- Dapre *F.S. 316.2074(4)*, Si yon aksidan ta fèt kote ta genyen lanmò nenpòt moun oswa blesi a nenpòt moun ki ta mennen moun sa-a pran swen nan men yon doktè, moun kap monte chak aparèy *ATV* sa yo ki te fè aksidan an va fè rapò yo sou aksidan jan sa mande nan lwa *F.S. 316.066*.
- Yon vyolasyon de lwa *F.S. 316.2074* se yon enfraksyon sikilasyon non-kriminèl, ki pinisab kòm vyolasyon sikilasyon sèlman. Nenpòt moun ki vyole *F.S. 261.20* va sijè a yon amann epi yo gen dwa retire/anile pèmi pou nou monte *ATV* sou teren piblik yo.

B. Twotinèt ak Motè yo ak Minyati Motosiklèt yo

Twotinèt ak Motè yo dekri dapre lalwa kòm nenpòt aparèy ki pa genyen syèj oswa sèl pou moun kap monte li an chita, li fèt pou deplase sou pa pliske twa wou, epi li pa fèt pou kapab deplase a yon vitè ki pliske 30 mil alè sou teren plat. Twotinèt ak motè yo pote non “go-peds” tou.

Minyati motosiklèt yo se de ti aparèy de wou ki sanble vre motosiklèt yo. Yo rele yo tou “pocket bikes” ak “Baby Ninjas.” Minyati motosiklèt yo pa tonbe anba definisyon legal yon motosiklèt.

Li ilegal pou yo monte twotinèt ak motè yo ak minyati motosiklèt yo sou okenn wout oswa twotwa nan Eta-a sa-a. *F.S. 316.2128*.

C. Ti Oto Jwèt yo

Nenpòt kopi yon oto ki mache ak pil oswa gaz, ak de oubyen kat wou. Oto sa yo vin trè popilè ak jèn timoun. Se pou paran yo bay timoun yo yon espas an tout sekirite pou yo monte ti oto sa yo paske yo pa gen dwa monte yo nan okenn wout. Yo rekòmande kas ak rad ki pou pwoteje yo.

“Lavni jenès nou an se pa nou pou nou wè”.

— Anonim

D. Senti Sekirite yo

Chak moun kap monte yon aparèy ak motè, chak pasaje ki nan syèj devan an, ak tout moun ki genyen mwenske 18 an daj, ke yap kondwi ou pa, fèt pou yo mete senti sekirite oswa senti espesyal pou timoun. *F.S. 316.614.*

Moun kap kondwi aparèy ak motè yo kap transpòte sou wout yo oswa otowout yo, timoun 5 an daj ou pi jèn, nan Eta sa-a fèt pou utilize yon senti espesyal pou timoun ki apwouve pa Federal la. Pou timoun twazan daj yo oswa pi piti, se pou syèj espesyal sa-a separe de rès oto an oswa se pou li yon syèj timoun espesyal ki fè pati oto an. Pou timoun 4 a 5 an daj, nou gen dwa utilize yon syèj separe, yon syèj ki fè pati oto an, oswa yon senti sekirite. *F.S. 316.613(1)(a).*

Carlos Alvarez
Majistra

ASANBLE KOMISYONÈ KONTE MIAMI-DADE

Bruno A. Barreiro

Prezidan

Barbara J. Jordan

Vis Prezidan

Barbara J. Jordan Distrik 1	Katy Sorenson Distrik 8
Dorin D. Rolle Distrik 2	Dennis C. Moss Distrik 9
Audrey Edmonson Distrik 3	Sen. Javier D. Souto Distrik 10
Sally A. Heyman Distrik 4	Joe A. Martinez Distrik 11
Bruno A. Barreiro Distrik 5	Jose "Pepe" Diaz Distrik 12
Rebeca Sosa Distrik 6	Natacha Seijas Distrik 13
Carlos A. Gimenez Distrik 7	

George M. Burgess
Manadjè Konte

Harvey Ruvin
Grefye Tribinal

R. A. Cuevas, Jr.
Avoka Konte

Konte Miami-Dade bay opòtinite ak aksè ekitab nan anplwa, epi li pa fè diskriminasyon sou moun enfim nan pwogram li yo oswa sèvis li yo. "Se règleman Konte Miami Dade pou li konfòme li a tout egzijans etabli pa Lwa pou Ameriken ak Enfimite yo".

